Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası
hám sport universiteti
Nókis filialı
“Dene tárbiyası hám sport Xabarshısı”
ISSN 2181-2268

O‘zbekiston davlat jismoniy tarbiya
va sport universiteti Nukus filiali
“Jismoniy tarbiya va sport
axborotnomasi”
ISSN 2181-2268



# DENE TÁRBIYA PÁNI OQÍTÍWShÍLARÍNÍŃ BILIMIN ASÍRÍW KURSLARÍN ShÓLKEMLESTIRIWDE SANLÍ TEXNOLOGIYALARDÍŃ ORNÍ

**Bisenbaev Islambek Qaypnazarovich**
*Aǵa oqıtıwshı*
*Dene tárbiya hám sport boyınsha qánigelerdi qayta tayarlaw hám bilimin asırıw institutı Nókis filialı*
bisenbaevislam@gmail.com

***Annotaciya:*** *Bul ilimiy maqalada dene tárbiya oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw kursların shólkemlestiriwde hám dene tárbiya pánin oqıtıw sapasın asırıwda sanlı texnologiyalardıń áhmiyeti, bilimin asırıw kursların jobalastırıwda sanlı platformalar hám házirgi kúnde iskerlik kórsetip atırǵan informaciyalıq sistemalar ornı haqqında sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *Sanlı platforma, bilimin asırıw kursı, dene tárbiya páni oqıtıwshıları, jobalastırıw, monitoring, bilimlendiriwdi sanlastırıw.*

***Аннотация:*** *В данной научной статье рассматривается значимость цифровых технологий в организации курсов повышения квалификации учителей физической культуры и повышении качества преподавания физической культуры. Также обсуждается роль цифровых платформ и действующих в настоящее время информационных систем в планировании курсов повышения квалификации.*

***Ключевые слова:*** *Цифровая платформа, повышение квалификации, учителя физической культуры, планирование, мониторинг, цифровизация образования.*

***Abstract:*** *This scientific article discusses the significance of digital technologies in organizing professional development courses for physical education teachers and enhancing the quality of physical education instruction. It addresses the role of digital platforms in planning these advanced training courses and examines the place of information systems currently in operation.*

***Key words:*** *Digital platform, professional development, physical education teachers, planning, monitoring, digitalization of education*

**Kirisiw.** Búgingi kúnde sanlı texnologiyalar turmısımızdıń ajıralmas bólegine aylanıp, derlik barlıq tarawlarda, atap aytqanda, bilimlendiriw, den-sawlıqtı saqlaw, ekonomika hám mámleketlik basqarıw sistemalarına engizilmekte. Sanlı texnologiyalar informaciya almasıw tezligin arttırıw, processlerdi avtomatlastırıw hám insan faktorı sebebli kelip shıǵatuǵın qátelerdi azaytıw imkaniyatın berip atır.

Ásirese, bilimlendiriw tarawında sanlı platformalar, aralıqtan oqıtıw sistemaları hám jasalma intellektke tiykarlanǵan sheshimler oqıw procesiniń nátiyjeliligin arttırıw, oqıtıwshılardıń kásiplik iskerligin monitoring qılıw hám bahalawda úlken áhmiyetke iye. Ózbekstan Respublikasında búgingi kúnde 6,5 millionnan aslam oqıwshıǵa bilim berip atırǵan 10134 ulıwma bilim beriw mekteplerinde 33 mıńnan aslam dene tárbiya páni oqıtıwshıları tálim-tárbiya bermekte [7]. Bul oqıtıwshılar ulıwma bilim beriw sistemasında oqıwshılardıń fizikalıq rawajlanıwı, salamat turmıs tárizin qáliplestiriw hám sportqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıwda áhmiyetli pedagogikalıq wazıypanı orınlaydı. Sonlıqtan, dene tárbiya páni oqıtıwshılarnıń óz waqtında hám úzliksiz bilimin asırıwı bilimlendiriw procesiniń házirgi zaman talapları tiykarında shólkemlestiriliwine, sabaqlardıń metodikalıq jaqtan jetilistiriliwine hám pán boyınsha oqıtıw sapası menen nátiyjeliliginiń artıwına tikkeley tásir kórsetedi.

**Izertlewdiń maqseti.** Dene tárbiya páni oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw kurslarına qamtıp alıw procesin sanlastırıw boyınsha usınıslar islep shıǵıw.

**Izertlewdiń wazıypaları.**

- dene tárbiya oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw sistemasınıń házirgi jaǵdayın tallaw hám bar mashqalalardı anıqlaw;

- bilimin asırıw kursların tabıslı tamamlaǵan oqıtıwshılardıń keyingi bilimin asırıw kurslarınıń múddetlerin jobalastırıwdıń dástúriy hám sanlastırılǵan usılların salıstırıw;

- izertlew nátiyjeleri tiykarında dene tárbiya oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw sistemasın jetilistiriw boyınsha ilimiy-ámeliy usınıslar islep shıǵıw.

**Izertlew metodologiyası.** Usı izertlew Ózbekistan Respublikasındaǵı ulıwma bilim beriw mektepleriniń dene tárbiya páni oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw kurslarına qamtıp alıw hám kursqa qabıllaw processindegi mashqalalardı sanlastırıw arqalı sheshiw maqsetinde izertlew jumısı alıp barıldı. Izertlew sociallıq sorawnama hám pedagogikalıq baqlaw usılları tiykarında ámeliy hám teoriyalıq jaqtan alıp barıldı.

1. Izertlew obyekti. Dene tárbiya páni oqıtıwshıların bilimin asırıw kursına qabıl etiw procesi alınǵan.

2. Izertlew metodları.

Izertlewde tómendegi ilimiy usıllar qollanıldı.

Sorawnama (anketa): Mektep dene tárbiya oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw kurslarına qamtıp alıw, kursqa qabıllaw hám qatnasıwı boyınsha mashqalalardı hám pikir usınısların úyreniw ushın.

Hújjetler analizi: Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararları hám Sport ministriniń buyrıqları úyrenildi.

Statistikalıq hám analiz usılları: Alınǵan maǵlıwmatlar statistikalıq analiz usılları - procentlik bólistiriw, diagrammalar hám grafikler arqalı analiz qılındı.

**Ádebiyatlardı talqılaw.** Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 4-iyuldegi 355-sanlı "Dene tárbiya hám sport boyınsha qánigelerdi qayta tayarlaw

hám bilimin asırıw sistemasın jánede jetilistiriw ilajları haqqında”ǵı qararında dene tárbiya hám sport boyınsha qánigeler 4 jılda keminde bir márte bilimin asırıwı shártligi belgilengen. Hár jılı 15-noyabrge shekem buyırtpashılardıń buyırtpaları tiykarında hám de Sport ministrligi tárepinen qayta tayarlaw hám bilimin asırıw kurslarınan ótiw dáwirine muwapıq kelesi kalendar jıl ushın aylar hám oqıtıw baǵdarlarınıń jobası hám dizimin qáliplestiriledi. Qayta tayarlaw hám bilimin asırıw kurslarınıń jıllıq jobası hámde dizimi hár jılı 5-dekabrge shekem tastıyıqlanıwı qararda kórsetilgan [1].

Buyırtpashı náwbettegi kalendar jılına dene tárbiya hám sport boyınsha qánigeler haqqında maǵlıwmatlardı olardıń familiyası, atı hám ákesiniń atı, qashan hám qaysı bilimlendiriw shólkemin pitkergenligi, diplom boyınsha qánigeligi, jumıs ornı hám stajı, lawazımı, aqırǵı márte qashan bilimin asırıw kursına qatnasqan waqıtın kórsetken halda ministrlikke usınıs etedi [1,9].

Ózbekstan Respublikası mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrliginiń pedagog kadrlarǵa lawazım hám qánigelik kategoriya beriw dáwirliligi haqqındaǵı maǵlıwmatlar bazasında ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde 525737 pedagog kadrlar tálim-tárbiya berip atırǵanlıǵın kóriw múmkin [8]. Bul pedagog kadrlar 33 mıńnan aslamın dene tárbiya páni oqıtıwshıları quraydı.

Ózbekstan Respublikası Sport ministriniń tiyisli buyrıǵına tiykar 2026-jılda 6 mıńǵa shamalas hám odan aldıngı 3 jılda 18 mıńnan artıq jámi 24 mıńǵa shamalas dene tárbiya páni oqıtıwshıları bilimin asırıw kurslarına qatnasıwı jobalastırılǵan [3,4,5,6].

***1-keste***

| Dene tárbiya hám sport boyınsha qánigelerdi qayta tayarlaw hám bilimin asırıw institutı hám onıń Nókis, Samarqand hám Ferǵana filiallarıdaǵı dene tárbiya páni oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw kursları jobasındaǵı sanı | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Jıllar: | 2023-jıl | 2024-jıl | 2025-jıl | 2026-jıl |
| Institut | 1340 | 1085 | 1051 | 1040 |
| Nókis filialı | 1147 | 1423 | 1359 | 994 |
| Samarqand filialı | 1818 | 2194 | 2334 | 1930 |
| Ferǵana filialı | 1756 | 1269 | 1281 | 1859 |
| **Jámi:** | **6061** | **5971** | **6025** | **5823** |
| **Jámi 4-jılda:** | **23880** | | | |

**Izertlew nátiyjleri hám olardıń dodalanıwı.** O.E.Hayitov ilimiy maqalasında Ózbekstan Respublikasındaǵı ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde 33 mıńnan aslam dene tárbiya oqıtıwshıları iskerlik etip atırǵanın atap ótken. Sport ministriniń tiyisli buyrıqlarında 4-jılda 24 mıńǵa shamalas dene tárbiya páni oqıtıwshıları

bilimin asırıw kurslarına qatnasıwı jobalastırılǵan [2,3,4,5]. Bunda parıq 9 mıńnan aslamdı quraydı.

Ótkerilgen izertlewde Ózbekstan Respublikasınıń túrli aymaqlarınan jámi 238 dene tárbiya páni oqıtıwshıları sorawnamada qatnastı, olardıń: Jınıslıq quramı: 75% erkek hám 25% hayal (1-diagramma). Sorawnama nátiyjeleri boyınsha, sorawnamada qatnasqan dene tárbiya oqıtıwshılarınıń 3,4 payızı 6 jıl aldın, 26,1 payızı 5 jıl aldın, 36 payızı 4 jıl aldın, 3,4 payızı 3 jıl aldın, 0,8 payızı 2 jıl aldın, 1,3 payızı 1 jıl aldın bilimin asırıw kurslarında bilimin asırǵanlıǵın bildirgen. Al 29 payızı bolsa bilimin asırıw kurslarında bilimin asırmaǵanlıǵın bildirgen (2-diagramma) (1-súwret).

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 4-iyuldegi 355-sanlı qararında 4 jılda keminde bir márte bilimin asırıwı shártligi belgilengen bolsada ámelde dene tárbiya oqıtıwshıları túrli muddetlerde bilimin asırıw kurslarında bilimin asırıp atırǵanlıǵı málim boldı. Dene tárbiya oqıtıwshıların bilimin asırıw kurslarına qabıllaw hám bilimin asırıw kursların jobalastırıw procesi sanlastırılmaǵanlıǵı, buyırtpashı (Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi) nıń har jılı dene tárbiya oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw kurslarına qatnasıwshılardıń dizimin tuwrı qáliplestirmegenligi sebebli ayrım oqıtıwshılar waqıtınan burın yaki kiyin bilimin asırmaqda. Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrligi pedagog kadrlar ushın birden-bir maǵlıwmatlar bazasına (https://pedagog.uzedu.uz/) hár bir oqıtıwshınıń bilimin asırıw kursın tabıslı tamamlaǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlardı kirgiziw kerek [8]. Bunıń ushın pedagog kadrlar ushın birden-bir maǵlıwmatlar bazası menen Dene tárbiya hám sport boyınsha qánigelerdi qayta tayarlaw hám bilimin asırıw institutınıń sertifikat (https://sertifikat.sportedu.uz/) bazasın óz ara integratsiyalaw zárúr [9]. Integratsiyalaw nátijesinde bilimin asırıw kursın tabıslı tamamlaǵan hár bir dene tárbiya oqıtıwshısına berilgen sertifikat haqqında maǵlıwmat pedagog.uzedu.uz informaciyalıq sistemasında oqıtıwshınıń jeke kabinetinde kórinedi. Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrligi pedagog kadrlar ushın birden-bir maǵlıwmatlar bazasında pedagog kadrlardıń bilimin asırıw kurslarında qatnasıw waqıtın baqlap barıw múmkin. Endi jumıs baslaǵan oqıtıwshılardı kiyingi jılda bilimin asırıw kursında qamtıp alıw ilajların ámelge asırıw imkaniyatı payda boladı. Hár bir pedagog kadrdıń óz waqıtında bilimin asırıwı mekteptegi pánlerdiń sapalı, zamanagóy metodlar qollanılıp ótiliwin táminleydi.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2019-jıl 30-sentyabrde “Ulıwma orta bilim beriw mákemeleriniń órnek kórsetken xızmetkerlerin materiallıq xoshametlew tártibin jetilistiriw haqqında”ǵı 823-sanlı qararı qabıl etildi. Usı qarar menen ulıwma bilim beriw mekepleriniń pedagog, psixolog hám kitapxana xızmetkerleriniń iskerligin bahalaw kriteryaları tiykarında jumısshı topar iskerligin bahalaydı hám kelesi oqıw jılı ushın joqarı nátiyje kórsetkenlerge bazalıq tarif stavkasına hár aylıq qosımsha ústeme muǵdarın belgileydi. Qarar waqıtında

bilimin asırıw kurslarına qatnasqanlıǵı hám tiyisli sertifikattı alǵanlıǵı ushın 10 % kóbirek hár ayda ústeme alıwın táminleydi. Process sanlastırılsa bir neshe mıń oqıtıwshınıń iskerligine unalı tásirin kóriwimiz múmkin [2].

**1-diagramma**




**2-diagramma**




**1-súwret. Sorawnamada qatnasqan dene tárbiya páni oqıtıwshılarınıń jınıs hám bilimin asırıw kursına takirar keliw aralıǵı.**

**Juwmaq hám usınıslar.** Ótkerilgen izertlew nátiyjelerine tiykarlanıp tómendegi juwmaqlarǵa kelindi: Dene tárbiya páni oqıtıwshılarınıń bilimin asırıw kurslarına qabıl etiw hám kurstı tabıslı tamamlaǵan oqıtıwshılardı keyingi bilimin asırıw kurslarına qamtıw múddetlerin jobalastırıwda sanlı platformalardan paydalanıw bilimlendiriw processin basqarıw nátiyjeliligin arttıradı. Sanlastırılǵan sistema bilimin asırıw procesiniń úzliksizligi, ashıq-aydınlıǵı hám ádilligin támiyinlep, insan faktorına baylanıslı qáteliklerdi azaytadı.

Izertlew nátiyjeleri sonı kórsetti, sanlı platformalar oqıtıwshılardıń kásiplik rawajlanıwın baqlap barıw, olardıń jeke mútájliklerin anıqlaw hám soǵan sáykes tárizde bilimin asırıw baǵdarların belgilewde nátiyjeli qural bolıp esaplanadı. Bul bolsa dene tárbiya pánin oqıtıw sapasın joqarılatıwǵa xızmet etedi.

Joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, tómendegi usınıslar islep shıǵıldı:

- dene tárbiya páni oqıtıwshılardıń bilimin asırıw sistemasın birden-bir respublikalıq sanlı platforma tiykarında shólkemlestiriw;
- bilimin asırıw procesin jobalastırıwda avtomatlastırılǵan monitoring hám tallaw mexanizmlerin engiziw;
- sanlı platformalardı normativ-huqıqıy hújjetler menen bekkemlew;
- oqıtıwshılardıń sanlı kompetenciyaların rawajlandırıwǵa qaratılǵan arnawlı oqıw modulların islep shıǵıw.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2022 yil 4-iyuldagi “Jismoniy tarbiya va sport bo‘yicha mutaxassislarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish tizimini yanada takomillashtirish choratadbirlari to‘g‘risida”gi 355-sonli Qarori.

2 .O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2019 yil 30-sentabrdagi “Umumiy o‘rta ta’lim muassasalarining o‘rnak ko‘rsatgan xodimlarini moddiy rag‘batlantirish tartibini takomillashtirish to‘g‘risida”gi 823-sonli Qarori.

3. O‘zbekiston Respublikasi Sportni rivojlantirish vazirining 2022 yil 29-dekabrdagi Jismoniy tarbiya va sport bo‘yicha mutaxassislarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish institutining 2023 yilda o‘tkaziladigan malaka oshirish kurslari reja-jadvali va tinglovchilar ro‘yxatini tasdiqlash to‘g‘risidagi 01/1299-A/F-son buyrug‘i.

4. O‘zbekiston Respublikasi Sportni vazirining 2023 yil 30-dekabrdagi Jismoniy tarbiya va sport bo‘yicha mutaxassislarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish instituti va uning filiallarida 2024 yilda o‘tkaziladigan malaka oshirish kurslari reja-jadvali va tinglovchilar ro‘yxatini tasdiqlash to‘g‘risida 01/1609-A/F-son buyrug‘i.

5. O‘zbekiston Respublikasi Sportni vazirining 2024 yil 16-dekabrdagi Jismoniy tarbiya va sport bo‘yicha mutaxassislarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish instituti va uning filiallarida 2025 yilda o‘tkaziladigan malaka oshirish kurslari reja-jadvali va tinglovchilar ro‘yxatini tasdiqlash to‘g‘risidagi 01/1880-A/F-son buyrug‘i.

6. O‘zbekiston Respublikasi Sportni vazirining 2025 yil 11-dekabrdagi Jismoniy tarbiya va sport bo‘yicha mutaxassislarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish instituti va uning filiallarida 2026 yilda o‘tkaziladigan malaka oshirish kurslari reja-jadvali va tinglovchilar ro‘yxatini tasdiqlash to‘g‘risidagi 01/1993-A/F-son buyrug‘i.

7 .Hayitov O. Kuchaytirish masalalari. Sport sohasida kadrlar malakasini oshirish tizimining zamonaviy modeli muammolar va yechimlar. “Jismoniy tarbiya va sport sohasida mutaxassislarni qayta tayyorlash va malakasini oshirish tizimidagi dolzarb muammolar”, 2-to‘plam, Farg‘ona-2025 “Classic” nashriyoti, 2025.

8. https://pedkadr.uzedu.uz/

9. https://sertifikat.sportedu.uz/

10. https://lex.uz/